



14 Out 2024

Chè Papa M-DCPS yo:

“Office of Family and Community Engagement” (Biwo Angajman Familyal ak Kominotè) Lekòl Leta Miami-Dade County ap envite papa ak moun ki jwe wòl papa pou yo vin patisipe nan 12èm edisyon Jounen Anyèl Papa nan Edikasyon, nan dat Jedi 26 septanm 2024, nan lekòl pitit ou a.

An 2014, Kongrè Etazini an te pase yon rezolisyon ki te deziyen dat sa a kòm yon opòtinite pou papa ak moun ki jwe wòl papa yo kòmanse sèvi kòm volontè nan lekòl pou sipòte edikasyon pitit yo, epi Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, nan Florid, te vote pou apwouve Jounen Papa nan Edikasyon kòm yon inisyativ k ap kontinye nan distri a.

Patisipasyon papa yo gen anpil benefis pou timoun yo lè yo wè yon gason, manm fanmi e ki se yon modèl pozitif, ki enterese pase tan avèk yo. Nan jou sa a, lekòl yo ap òganize aktivite tankou papa k ap fè lekti oswa rakonte istwa, pataje pasyon ak enterè pèsònèl yo, oswa patisipe nan aktivite edikatif avèk pitit yo.

Nou pa ka tann pou w vin patisipe epi ankouraje kominote nou an ansanm ak antrepriz nou yo pou sipòte 12èm edisyon Jounen Anyèl Papa nan Edikasyon.

Sensèman,

Ines Meras, Direktris Distri  
Biwo Fanmi ak Angajman Kominotè M-DCPS



Office of Family and Community Engagement  
1450 N.E. 2nd Avenue, Suite 200, Miami, FL 33132  
[www.engagemiamidade.net](http://www.engagemiamidade.net)